

Inisyativ MIT-Ayiti ap feraye depi 2010 nan mouvman pou amelyore kalite edikasyon ann Ayiti sou fondasyon syantifik ki pwone pedagoji entèraktif ansamn ak itilizasyon lang matènèl kòm zouti pou ansèyman ak aprantisaj. MIT-Ayiti ankourage itilizasyon teknoloji nan sal klas epi n ap bay gwo bourad nan pwodiksyon ak difizyon materyèl an kreyòl nan tout matyè e nan tout nivo. Se kon sa nou kontribye nan kreyasyon materyèl an kreyòl ki chita sou bon jan estanda k ap pèmèt anseyan yo transmèt konesans pi byen pandan etidyan yo ap aprann pi fasilman, nan fyète ak lajwa.

12 2010 – 2022 MIT-AYITI

**12 lane nan kreye bon kalite materyèl
an kreyòl — lang manman tout Ayisyen —
pou pèmèt kreyòl la taye banda nan sal
klas ak nan tout lòt sektè sosyete a.**

OBJEKTIF INISYATIV LA :

Prensipal objektif Inisyativ MIT-Ayiti se ede nan pwodiksyon ak itilizasyon materyèl edikatif bon kalite ki baze sou rezulta rechèch nan lengwistik ak syans edikasyon. Pandan I ap valorize epi entegre dimansyon kiltirèl lang kreyòl la, Inisyativ la vize mete resous sa yo disponib nan 4 kwen peyi d Ayiti ak lòt bò dlo.

Mision nou chita sou twa « wòch dife » :

(i) aprantisaj aktif pou pèmèt ti moun yo patisipe nan bati konesans pa yo ; (ii) itilizasyon teknoloji ki adapte; (iii) itilizasyon lang manman ti moun yo.

PLATFÒM MIT-AYITI :

Nan atelye ak senpozyòm MIT-Ayiti soti 2010 rive 2017, patisipan yo te mete yo dakò sou enpòtans lang kreyòl la kòm zouti ki endispansab nan tout nivo nan sistem edikasyon an. Se kon sa Inisyativ la te vin lanse yon platfòm nimerik, <https://mit-ayiti.net/>, kote tout etidyan ak anseyan, alawonn Badè, ka jwenn epi kontribye nan kreyasyon bon kalite materyèl an kreyòl. Materyèl sa yo ka sèvi kòm egzanp pou kreye pi plis materyèl pou anseyan yo.

Platfòm sa a se yon konbit lajman laj ki reyini anseyan — Grenadye ak Grenadyèz — k ap met tèt ansamn pou bati yon lòt kalite lekòl ki valorize tout ptit peyi a. Se yon zouti ki sèvi pou kreye, ranmase, evalye, seleksyone, revize, òganize epi pataje materyèl an kreyòl pou sal klas.

Ki donk, youn nan dimansyon fondamantal platfòm lan se kolaborasyon pou n konstwi ansamn yon lòt modèl lekòl kote tout ti moun gen plas yo. Platfòm lan ofri divès kalite materyèl : materyèl ki pou sèvi nan sal klas, nan tout nivo e nan tout matyè ; materyèl pou pwofesè ki ta renmen sèvi ak pi bon metòd nan sal klas, echantyon plan lesion, konsèy ekspè sou ansèyman, entèvyou ak atis, kreyolis ak lòt aktivis k ap goumen pou edikasyon bon kalite nan peyi d Ayiti.

PWOBLÈM LANG ANN AYITI :

Sitiyasyon povrete ak baryè lang vin fè yon gwo pati nan popilasyon an — sitou moun nan zòn rekile yo e menm nan vil yo — pa fouti jwenn edikasyon bon kalite.

Depi 1804, lang kreyòl la prèske absan nan dokiman ak espas fòmèl k ap pwodwi epi transmèt konesans. Se franse ki lang prensipal nan lekòl ak inivèsite, enstitusyon publik ak prive, tribunal, labank, medya enprime e latriye. Sa ki vin fè frankofoni sa a kreye gwo divizyon paske se 100% popilasyon an ki pale kreyòl fen e byen alòs ke se yon ti zuit pousantaj ki pale franse lakay yo.

SOLISYON MIT-AYITI POTE :

Travay Inisyativ la montre ki jan lang kreyòl la ka sèvi nan yon modèl ansèyman djanm ki baze sou pedagoji entèraktif pou ede plis moun jwenn pi bon kalite edikasyon. Epi, tou, nou ofri lòt estrateji pou kaba tradisyon pa kè (jako repèt san konprann) ansamn ak esklizyon sosyal ki bloke devlòpman peyi a depi plis pase 2 syèk.

Depi lansman Inisyativ la an 2010, n ap kreye, ranmase epi revize materyèl edikasyon ki gen bon estanda pou n fasilité aprantisaj aktif tou patou nan tout nivo. Kounye a n ap ranfòse komunikasyon ak sensibilizasyon pou resous MIT-Ayiti yo rive jwenn pi plis aprenan, anseyan ak lòt pwofesyonèl nan domèn edikasyon tou patou.

INISYATIV LA GRANDI ATRAVÈ 4 FAZ :

2010 – 2016 : Apre yon senpozyòm lansman nan MIT ann oktòb 2010, nou te òganize yon seri atelye entansif ann Ayiti, depi 2012 rive 2016, pou n fòme anviwon 250 pwofesè nan pedagoji modèn epi kore itilizasyon kreyòl la kòm lang ansèyman ki djanm. Sis nan pwofesè sa yo te vin vizite MIT ann oktòb 2015 pou yo patisipe nan atelye espesyalize sou pwodiksyon materyèl aprantisaj aktif an kreyòl. Lè pwofesè sa yo tounen lakay yo, yo kreye Konbit MIT-Ayiti pou yo ofri menm kalite atelye sou aprantisaj aktif pou kòlèg edikatè yo ann Ayiti.

2017 – jis kounye a : N ap devlope yon seri gid pou pratik ansèyman ki baze sou aprantisaj atif nan fizik, byoloji, chimi ak matematik (nou pibliye *Gid Fizik MIT-Ayitian 2019*).

2019 – jis kounye a : Nou lanse Platfòm MIT-Ayiti an 2019. Depi lè sa a, n ap ranmase, òganize epi pataje bon jan kalite materyèl gratis sou entènèt an kreyòl — materyèl nan tout matyè, nan tout nivo.

2022 – jis kounye a : Nan katriyèm faz Inisyativ la, n ap elaji efò komunikasyon ak sensibilizasyon nou yo pou n touche pi plis moun. Sa ap ede plis elèv, pwofesè ak lòt pwofesyonèl nan sektè edikasyon dekouvri epi sèvi ak resous ki disponib sou Platfòm MIT-Ayiti.

SA INISYATIV LA REYALIZE :

Men kèk nan rezulta Inisiativ la :

- Òganizasyon 7 atelye ak 1 senpozyòm ann Ayiti.
- Patisipasyon plis pase 250 anseyan nan atelye yo, soti nan plis pase 150 enstitusyon.
- Devlòpman 50 apps ak video pou aprantisaj aktif an kreyòl.
- An 2015, 6 pwofesè ayisyen vizite MIT epi, apre yo retounen ann Ayiti, yo kreye Konbit MIT-Ayiti.

Depi lansman Platfòm MIT-Ayiti an septanm 2019 :

- Platfòm lan resevwa plis pase 40 000 itilizatè ki gade paj yo plis pase 177 000 fwa.
- 57% moun ki vizite Platfòm lan ap viv ann Ayiti.
- Plis pase 50% itilizatè yo gen ant 18 a 34 lane.

TI KOZE SOU APRANTISAJ AKTIF :

Aprantisaj la vin aktif se lè aprenan yo ka patisipe djanm djanm nan bati pwòp konesans yo. Rechèch syantifik montre, lè aprenan yo sèvi ak lang matènèl la, klas la vin pi anime, aprantisaj la vin pi pwofon epi elèv yo konprann pi byen.

Pou sa ki konsène wòl lang matènèl nan edikasyon, rechèch syantifik montre, aprann nan lang matènèl la ede elèv yo fè refleksyon ki gen nam, e sa ede yo devlope lide ki pi solid. Epi, tou, Konstitisyon 1987 la rekònèt kreyòl kòm « sèl lang ki simante tout Ayisyen nèt ansanm ».

Anseye nan lang yon kominote metrize pi byen pèmèt tout patisipan — aprenan tankou anseyan — pi alèz pou brase lide, pataje konesans, esplike sa yo konprann oswa sa yo pa konprann san pwoblèm.

Lè nou sèvi ak lang matènèl ansanm ak pedagoji modèn ki chita sou bon jan zouti, sa bay ti moun yo fondasyon ke yo bezwen pou yo byen aprann tout lòt matyè : syans, matematik epi lòt lang tankou franse, angle, panyòl e latriye. Avèk bon jan fondasyon akademik sa yo, aprenan yo kapab bati yon nivo konesans djam pou yo vin pwofesyonèl ki kreyatif e ki ka ede peyi a gen bon jan kwasans ekonomik.

KOLABORASYON

Pou n ranfòse angajman MIT-Ayiti nan sektè edikasyon ann Ayiti, nou chèche posibilité kolaborasyon ak tout aktè nasyonal ak entènasyonal k ap feraye nan domenn sa a. Rive jounen jodi a, men kèk pamì enstitusyon nou rive tabli konvèrsasyon ak yo — selon lòd alfabè a : Agence Espagnole de Coopération (AECID), American Institutes for Research (AIR), Anseye pou Ayiti (APA), École Supérieure d'Infotronique d'Haïti, Foi & Joie, Fondasyon Konesans ak Libète (FOKAL), Global Center for the Development of the Whole Child (University of Notre Dame, Indiana), Haitian Response Coalition (HRC), Inter-American Development Bank (IADB), Kalfou Richès Ayiti, Kean University, Lekòl Kominotè Matènwa (LKM), Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP), MIT, MIT Jameel World Education Lab, MIT OpenCourseWare, MIT Open Learning, MITx, Open Society Foundations, Primature du Gouvernement d'Haïti, Pwofesè pou Ayiti (P4H), UNESCO, UNICEF, Université Caraïbe, Université d'État d'Haïti (Rectorat, Faculté des Sciences, École Normale Supérieure, Faculté de Linguistique Appliquée, Campus Henry Christophe Limonade), Université Quisqueya, USAID, U.S. Embassy in Haiti, Wade Foundation, World Bank e latriye.

BIWO KOMINIKASYON MIT-AYITI

- ✉ MIT-Haiti@mit.edu
- 🌐 <https://mit-ayiti.net/>
- FACEBOOK <https://web.facebook.com/mithaiti>
- TWITTER <https://twitter.com/MITHaiti>
- INSTAGRAM <https://instagram.com/MITHaiti>
- TIKTOK <https://tiktok.com/@MITHaiti>

